



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**POU KÒMANSE SEMÈN MÒD NEW YORK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN
SOU ENPAK 24 MILYA DOLA NAN ENDISTRI MÒD NEW YORK LA**

*Endistri mòd New York la anplwaye apeprè 312,000 Nouyòkè epi jenere plis pase
24 milya dola nan salè chak ane*

*Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2025 Gouvènè a gen ladan l'investisman 5 milyon
dola pou ogmante pwodiksyon fib ki ka itilize nan mòd ak konsepsyon*

*Gouvènè a pibliye rekòmandasyon Gwoup Travay Devlopman Tekstil Natirèl ki
responsab pou ogmante wòl fib natirèl ak tekstil nan ekonomi Eta New York la*

*Sèz nouvo pwodiktè tekstil ak fib natirèl rejwenn pwogram Kiltive & Sètifye NYS
la pou ankouraje pi wo estanda pou jerans anviwònmantal*

*Gouvènè te deja bay 10 milyon dola nan Sant Inovasyon pou Mòd New York la
pou sipòte Devlopman Tekstil Eta New York ki dirab pou teknoloji pòtab ak
itilizasyon endistri mòd la*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a selebre endistri mòd New York ki renome nan mond lan ak wòl li nan estimile ekonomi Eta a nan kad lansman Semèn Mòd New York la. Endistri a, ki anplwaye apeprè 312,000 Nouyòkè epi ki jenere plis pase 24 milya dola nan salè nan tout eta a chak ane, kontinye rete yon gwo anplwayè ak motè ekonomik pou Eta a epi li avanse angajman k ap mennen nan peyi a pou dirailiteb ak jerans anviwònmantal. Gouvènè Hochul te anonse tou rekòmandasyon Gwoup Travay pou Devlopman Tekstil Natirèl (Natural Textile Development Workgroup) la ki te responsab pou ogmante wòl fib natirèl ak tekstil – eleman ki konstitiye endistri mòd la – nan ekonomi Eta a.

"Ekonomi New York la bati sou endistri mòd ki renome mondyal nou an ak konseptè yo, kiltivatè yo, fabrikan yo ak lòt pwofesyonèl ki kenbe endistri a an mouvman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Semèn Mòd sa a, m ap double angajman mwen pou sipòte mòd nan New York epi asire ke endistri a, ki jenere plis pase 24 milya dola nan salè pou Nouyòkè k ap travay di yo, kontinye fè ekonomi nou an avanse pou pi devan."

Investisman nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2025 la

Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul la kontinye angajman li pou sipòte endistri mòd la. Kòm yon pati nan bidjè a, Gouvènè a te pwopoze yon investisman 5 milyon dola pou transfòmasyon chanv ak pwodwi biyo, ki ka ogmante plis pwodiksyon fib ki ta ka itilize nan mòd ak konsepsyon.

Rekòmandasyon Gwoup Travay pou Devlopman Tekstil Natirèl la

Gouvènè Hochul te anonse rekòmandasyon Gwoup Travay pou Devlopman Tekstil Natirèl la, ki te rasanble an patenarya ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) ak Devlopman Empire State e ki te gen ladann moun ki gen enterè nan diferan domèn nan endistri tekstil la ak lòt sektè ki gen rapò ak yo. Gwoup travay la gen pou l etidye ak idantifye fason pou ogmante kontribisyon endistri fib natirèl ak tekstil la nan ekonomi Eta New York la; ogmante kantite travay nan endistri tekstil la; idantifye fason pou sipòte ak ogmante investisman prive nan antrepriz Eta New York ki pwodui ak transfòme fib natirèl ak tekstil yo; ankouraje devlopman nouvo biznis ladan ak sipòte endistri tekstil natirèl la; ak amelyore konesans, ak apresyasyon piblik nan avantaj ki genyen nan tekstil fib natirèl ak opòtinite lavant andedan, ak andeyò, Eta New York.

Rekòmandasyon gwoup travay la genyen ladan yo:

- Sipòte opòtinite sibvansyon pou pwojè yo elaji oswa etabli nouvo enstalasyon transfòmasyon fib ki egziste deja ak bezwen chèn apwovizyonman nan Eta a;
- Travay ansanm ak Empire State Development pou mete aksan sou ankourajman ak sipò ki egziste deja ki ta ka ede nan rekrute nouvo biznis fib natirèl oswa agrandi biznis nan Eta New York;
- Sipòte devlopman yon pwogram konsèy ak kiltivatè fib ki gen plis eksperyans ansanm ak kiltivatè fib ki fèk kòmanse pou asire yon transfè konesans nan endistri a;
- Devlope kourikoulòm edikatif ak resous salklas pou timoun ki gen laj pou ale lekòl sou fib natirèl ak tekstil;
- Pi byen konekte konseptè tekstil ak kiltivatè yo ak pwogram aprantisaj Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la; ak
- Eksplòre yon estrateji lisans pou logo I Love NY pou kreye pwodui tekstil fib natirèl I Love NY ki te kreye nan Eta New York.

Rapò konplè gwoup travay la disponib [isit la](#).

Pwogram Kiltive & Sètifye nan Eta NY la

Sèz nouvo pwodiktè tekstil ak fib natirèl te rantre nan Pwogram Kiltive & Sètifye nan Eta NY la ki te lanse pou ede satisfè demann konsomatè k ap grandi pou manje lokal yo kiltive oswa pwodui nan yon estanda ki pi wo. Pwogram lan sètifye pwodiktè Eta New York ki respekte estanda elve pou sekirite alimantè ak jesyon anviwònmantral yo. Li jwenn sipò yon kanpay komèsyalizasyon ki genyen ladan etikèt ki sou pwodwi yo, materyèl pwomosyonèl yo, ak materyèl pou vant yo. Aktyèlman, plis pase 3,000 pwodiktè ap patisipe nan pwogram Kiltive epi Sètifye nan Eta New York la, ki reprezante plis pase 303,514 ekta teren agrikòl. Pou plis enfòmasyon sou pwogram

Kiltive & Sètifye nan Eta NY la, vizite certified.ny.gov, oswa swiv pwogram lan sou Facebook, Twitter ak Instagram.

Sant Inovasyon pou Mòd (Fashion Innovation Center, FIC) New York la

An 2022, Gouvènè Hochul te anonse 10 milyon dola finansman Eta a pou Fashion Innovation Center pou ankouraje yon apwòch kolaboratif pou itilize tekstil entelijan ak dirab ki pwodui nan Eta New York yo. FIC a pral gen ladan tou yon Akseleratè Sant Inovasyon pou Mòd Dirab (Sustainable Fashion Innovation Center Accelerator), ki konsantre sou kreyasyon altènatif entelijan ak dirab ki rezoud pwoblèm endistri nan gwo echèl, kreye djòb vèt, ankouraje tekstil ki soti nan eta a, epi sipòte mòd dirab.

Ane pase a, Gouvènè a te anonse ke yo te chwazi yon konsòsyòm ki baze nan Rejyon Capitol ki gen ladan Rensselaer Polytechnic Institute, Fashion Institute of Technology (Enstiti Teknoloji Mòd), Hudson Valley Textile Project (Pwojè Tekstil Hudson Valley), Field to Fiber (Soti nan Chan rive nan Fib), SUNY Morrisville, ak Made X Hudson pou jere FIC a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)